

Pandan semèn 13 novanm 2023, Biwo Siveyans Lekòl Piblik (PSM) Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education) pral fè yon Revizyon Siveyans Konsantre sou Nivo Lekòl Otonòm Kominotè Cambridge la. Biwo Siveyans Lekòl Piblik vizite chak distri ak lekòl endepandan chak twa zan pou kontwòle konfòmite avèk edikasyon espesyal ak règleman dwa sivil federal ak eta a. Domèn revizyon ki gen rapò ak edikasyon espesyal gen ladan evalyasyon elèv yo, detèminasyon kalifikasyon, pwosesis Ekip Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP), ak devlopman ak aplikasyon IEP. Domèn revizyon ki gen rapò ak dwa sivil yo gen ladan entimidasyon, disiplin elèv, kontrent fizik, ak aksè egal nan pwogram lekòl pou tout elèv yo.

Anplis vizit sou plas la, kontak paran yo se yon pati enpòtan nan pwosesis revizyon an. Prezidan revizyon ki soti nan Biwo Siveyans Lekòl Piblik la pral voye bay tout paran elèv ki gen andikap yo yon sondaj sou entènèt ki konsantre sou domèn kle nan pwogram edikasyon espesyal pitit yo a. Rezilta sondaj yo pral kontribye nan devlopman yon rapò. Pandan revizyon sou plas la, Biwo Siveyans Lekòl Piblik la pral fè entèvyou ak yon manm Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (SEPAC) distri a. Lòt aktivite sou plas yo ka gen ladan entèvyou anplwaye distri a ak administratè yo, revizyon dosye elèv yo, ak obsèvasyon sou plas yo.

Paran ak lòt moun ka kontakte Jill Lange, Prezidan Siveyans Lekòl Piblik, nan gillian.elange@mass.gov pou mande yon entèvyou nan telefòn. Si yon moun bezwen yon aranjman, tankou tradiksyon, pou patisipe nan yon entèvyou, Depatman an pral fè aranjman ki nesèsè yo.

Nan apeprè 60 jou ouvrab apre vizit sou plas la, prezidan revizyon an pral bay distri a yon rapò ak enfòmasyon sou zòn kote distri a satisfè oswa depase kondisyon regilasyon ak zòn kote distri a bezwen asistans pou korije oswa amelyore pratik yo. Piblik la pral kapab jwenn aksè nan rapò a nan <http://www.doe.mass.edu/psm/tfm/reports/>.